Manm Komite Konsèy Finans Konferans lan konsakre tèt yo pou yo asire anplwaye yo jere tout byen ak tout resous Konferans Kongregasyon yo ak elektè yo te bay Konferans Franconia responsab-pou n sèvi byen avèk yo nan direksyon vizyon ak misyon Konferans lan. Yon lòt fwa ankò Konferans Franconia te resevwa yon rapò kontwòl kontab pwòp pou ane a, yo verifye fon yo ak rapò yo pou wè si yo nan menm direksyon avèk bon pratik kontabilite. Rapò kontwòl ki fèk fèt la disponib tout ane a nan Biwo Enfòmasyon Trezorye Kongregasyonèl sèlman ale nan sit Entènèt nou ba ou la a https://mosaicmennonites.org/stewardship/

## SOU-KOMITE KI RESPONSAB PATI RETRÈT MINISTERYÈL LA

Men Manm komite a  Marvin Anders(Kongregasyon Salford)ak JohnnGoshow( Kongregasyon Blooming Glen). Komite sa a, li travay anba Komite Konsèy Finans Konferans lan, yo rankontre 2 fwa pou yo revize bezwen finans ki genyen pou pastè ki pran retrèt yo ak madanm yo ki kalifye pou resevwa asistans anba règleman sibvansyon Ministeryèl la. Fon sa a dispoze asistans pou 2 moun. Te gen $9,325 ki te distribye bay asistans pou retrèt ane ki sot pase a.

# KONSÈY POU MISYON AK CHARITE NAN MENNONIT FRANCONIA

**Pwopriyete FMC** yo sèvi kòm yon Kòporasyon ki kenbe pwopriyete sa yo men se Konferans Mennonit Franconia ki mèt yo epi Konsèy pwopriyete yo jere tout zafè ki asosye ak pwopriyete pou Konsèy Konferans lan nan CBFC.

## FMC DIREKTÈ PWOPRIYETE YO:



**GLENN NEMATH**
Prezidan
*Blooming Glen*

**HENRY LONGACRE**
Vis Prezidan
*Swamp*

**BRYAN HUNSBERGER**
Sekretè/Trezorye
*Souderton*



**JOHN GOSHOW**
Reprezantan Komite Finans
*Blooming Glen*



**CONRAD MARTIN**
Direktè Finans (Anplwaye)
*Blooming Glen*

Lè ane fiskal la ap fini, Pwopriyete FMC genyen yo:Sant Acha nan Souderton nan Harleycville,PA, ak lokatè ki pran swen l epi ki jere sant yo, Weaver, Recner ak Reinhart Dental Association(Souderton Office), TriValley Primary care( Indian Valley Office), ak PamaJohn restaurant; Indian Creek Road Farm nan Harleysville,PA, avèk lokatè ki nan Living Hope Farm ak Indian Creek Foundation(Group home); Bethany House nan Philadelphia,PA, gen yon pasonaj ki lwe bay Centro de Alabanza; epi 2 legliz nan 2 lòt pwopriyete: Whitehall(PA) Legliz Mennonit ak Project Haven/Bike & Sol(Ansyen Legiz Mennonit pou lapè nan ÈS Greenville,PA)

## 2019-2020 RAPÈL/DISKISYON:

- **Sant acha nan Souderton**: Solisyon pou dlo kap soti nan lakou vwazen an, pwoblèm enfrastrikti pou twou egou yo ka koule soti nan sant acha a, pou kapab gen bon relasyon ak vwazen ki gen biznis yo,pou pa gen pwoblèm pentire ak kenbe zòn nan pwòp, banyè nan sezon piblisite. Direktè yo kontinye ap fè plan pou avni sant acha nan Souderton nan.
- **Indian Creek Road Farm**: Relasyon l ak lòt fèm yo, se fè renovasyon Living Hope Farm nan sant distribisyon an( sistèm chafaj la bezwen chanje) epi bay lokatè yo yon ekstansyon.
- **Pwopriyete Legliz ki pou Konferans lan**: Posibilite pou achte yon plas pou yon Sant Retrèt, Bethany House bezwen, HVAC epi li gen pwoblèm ak sistèm elektric li genyen an nan Whitehall.
- **Biwo Konferans lan**: Nou bezwen fè Renovasyon epi nou bezwen lajan pou nouvo biwo yo pou Konferans lan. "

# NOUVO KONGREGASYON K AP CHÈCHE MANM



# NOUVO KONGREGASYON K AP CHÈCHE MANM

## COLLEGE HILL MENNONITE CHURCH

3506 Machado Street, Tampa, FL 33605

Pastè **Roy Williams**

### VISYON

Nou kwè Bondye vle wè tout moun sove epi byen prepare kòm disip kap swiv Jezi Kri;(evanjelize yo, ekipe yo, edifye yo, pou yo ka trase bon modèl pou Jezi Kri. Efezyen 4:11-16) Nou pran angajman pou nou lonje men bay tout moun, koumanse nan Tampa/Zòn metwopòl St. Pete, aprè sa nan tout vil Florida yo, nan Etazini epi nan tout mond lan.

### MISYON

Nou bezwen entegre ministè ki bay disiplin, ak sèvis, ak kontak. Nou bay estaj nan ministè ki gen kalite ak tout moun ki vle sèvi Bondye nan Kominote Kretyen kote yo abite. Voye ekip moun ale kote ki gen gwoup moun ki mande nou.



## IGLESIA EVANGELICA MENONITA SHALOM

3506 Machado Street, Tampa, FL 33605

Pastè **Secundino Casas-Martinez**

### VISYON

Nou ale avèk bòn nouvèl jezi a nan kominote espanyòl la nan zòn Tampa paske nan Mak 16:15 ``Li di yo, ale nan mond lan epi preche levanjil nan tout kreyasyon yo.``

### MISYON

Sèvi kominote a nan fason entegral nan tout domèn lapè, jistis, ak lanmou. Fòme yon legliz ki resevwa tout ras espayòl. Nou ofri fòmasyon biblik ak fòmasyon espirityèl nan Anabaptist Biblical Institute IBA.

# NOUVO KONGREGASYON K AP CHÈCHE MANM



## IGLESIA MENONITA LUZ Y VIDA

7600 Winegard Rd, Orlando, FL 32809

Pastè **Tomas Ramirez**

### VISYON

Nou bay yon mwayen pou moun ak gwoup ki konsène kapab travay ansanm nan Kris pou legliz ka soulaje moun kap soufri yo nan gran zòn Orlando.

### MISYON

Nou gen sèvis disponib pou moun ki gen difikilte pou yo kontribye nan sosyete kote yap viv la, nou ede moun sa yo nan ijans yo genyen san gade ki ras moun nan ye, ki koulè po l, ki peyi li soti oubyen eske li se yon gason oubyen yon fanm. Se poutèt sa, Sant lan li se yon pati nan legliz la, objektif primè li se bay kominote a sèvis epi pi plis toujou, nou ankouraje kretyen pou yo ale bay sèvis la kote yo ka jwenn moun yo: nan kay yo, nan lari a  ak nan prizon. Nou pa sèlman ap ba yo èd pou yo ka jwenn plas yo nan sosyete a, men sa ki pi enpòtan, pou yo ka dekouvri yon vi konplèt nan Kris.



## IGLESIA SEGUIDORES DE CRISTO

1001 Ponder Ave, Sarasota, FL 34232

Pastè **Juan Jose Rivera**

### VISYON

Nou prepare moun pou yo mache kòm disip epi fòme ti gwoup  nan Ana-baptist Biblical Institute IBA epi ak disip ki gen bòn entansyon.

### MISYON

Nou voye moun nou prepare yo ki gen apèl pou ministè kretyen nan vil nan zòn nan pou yo ka koumanse nouvo kongregasyon epi sipòte misyon legliz la nan Amerik Santral ak amerik Sid la.

# NOUVO KONGREGASYON K AP CHÈCHE MANM



## IGLESIA MENONITA ENCUENTRO DE RENOVACION

2654 NW 21 Terrace, Miami, FL 33142

Pastè **Jose Andres Mendoza**

### VISYON

Nou ankouraje yo pou yo pataje temwayaj yo nan kominote a ak lapè, jistis, ak lanmou Bondye ki moutre yo mache nan ansèyman Jezi a epi pratike sa nan fason yap viv.

### MISYON

Nou bay levanjil nan sèvis sosyal espesyalman imigran ki pale espayòl yo ki reprezante divès peyi jeografik ki pale espayòl andedan peyi a oubyen deyo li.



## IGLESIA MENONITA LUZ Y VERDAD

1330 E. Gary Road Lakeland, FL 33801

Pastè **Lydia de Jesus**

### VISYON

Nou pote levanjil Kris la bay moun ki poko konnen l kòm sovè pèsonèl yo, batize yo epi prepare yo pou yo ka vi n disip Seyè a.

### MISYON

Nou sèvi avèk batiman kote nou adore Bondye a kòm yon sant pou kominote a pou aktivite sosyal. Nou vle sèvi kòm yon limyè ak mesaj Jezi a pou tout moun ki bezwen sove, ki bezwen chanjman nan sitiyasyon ekonomik yo ak moun ki malad epi moun ki adikte nan sibstans.

# NOUVO KONGREGASYON K AP CHÈCHE MANM

## NORTH TAMPA CHRISTIAN FELLOWSHIP

206 W 131st Avenue Tampa, FL 33612

Pastè **Carl Walcott**

### VISYON

Pataje Kris avèk yon lòt moun

### MISYON

Fòk nou kwè Bondye vle tout moun sove epi prepare yo pou yo ka vi n disip Jezi Kri; (evanjelize yo, ekip yo, edifye yo pou yo ka vi n yon modèl pou Jezi Kri) Matye 28:18-20 Nou pran angajman nou pou n chache lòt moun yo, nou vle koumanse nan Tampa/Zòn metwopòl nan St Pete, aprè sa nan lòt vil nan Florida, nan Etazini epi nan tout mond lan.



## HOMESTEAD MENNONITE CHURCH

30695 SW 162nd Avenue Homestead, FL 3303

Moun pou Kontakte **Drane Reynolds**

### VIZYON AK MISYON

Pou n ka grandi pou nou gen yon fwa ki gen matirite, pou n ka mennen yon vi ki fidèl kòm moun kap swiv Jezi Kri. Anpil nan travay nap fè, nou fè l ak moun pou n ka ede yo pou yo ka gen yon bòn relasyon youn ak lòt. Manm legliz nou yo ede moun ki nan prizon, manman ki pa gen mari, imigran ki pa gen papye, moun ki abize nan alkòl, moun ki pòv, granmoun aje yo, timoun nou ede yo fè devwa yo aprè yo sot lekòl .

# MINISTÈ KI KONEKTE AK KONFERANS LAN REPREZANTE

## BETHANY BIRCHES CAMP

BETHANYBIRCHES.ORG

*Baz misyon nou se pou nou ede jèn moun devlope relasyon yo ak Bondye lè yo vi n nan kan kote yo konsantre sou Kris yo fè eksperyans natirèl nan yon anviwòman ki favorab pou yo.*

## BIKE & SOL

BIKEANDSOL.COM

*Misyon Bike & Sol se kontwi yon kominote nou asiste moun nan kominote a yo pran plezi yo nan kouri bisiklèt nan ede youn ak lòt, nan edikasyon, epi pase tan ansanm.*

## CAMP MEN-O-LAN

MENOLAN.ORG

*Camp Men-O-Lan la pou n ede chanje lavi moun ak pawòl Kris la. Kan sa a li lokalize nan anviwon 60 karo tè nan Zòn Upper Bucks County,PA. Kote Kan sa a plase a, gen kabin, lojman ki gen stil dòtwa, ti kay separe, sal pou reyinyon, ak sal resepsyon.*

## CARE & SHARE

CAREANDSHARESHOPPES.ORG

*Swen ak Pataje Thrift Shoppe te koumanse nan ane 1975 kounye gen diferan boutik nan vil Souderton, PA ak sou ebay. Sa fè pati Rezo Thrift Shop Komite Santral Menonit yo yon gwoup boutik bi-nasyonal ki sipòte Misyon Komite Santral Menonit yo.*

## THE CITY SCHOOL

CITYSCHOOL.ORG

*Lekòl vil la se yon pwogram ki soti nan nivo Pre-K jiska nivo 12 se yon lekòl kretyen nan mitan vil Philadelphia,PA. Lekòl la gen 350 elèv, objektif lekòl la se bay elèv yo yon edikasyon ki depase ekonomik sosyal ak limit kiltirèl pou ede etidyan yo grandi pou yo ka vi n lidè.*

## COMMUNITY AT ROCKHILL

COMMUNITYATROCKHILL.ORG

*Kominote nan Rockhill, li lokalize nan Bucks County, PA, se yon kominote ki ede w òganize vi w ki ofri w anpil swen nan diferan nivo pou ede w aranje endepandans ou pou ka gen yon vi ki enspire. Kominote a ede w òganize vi w ki fè sans epi ki ba ou bon objektif, yo ankouje chak moun pou yo ka grandi nan mwayen entèlektyèl ak espirityèl, pou yo ka jwi yon byennèt fizik, ak yon byennèt emosyonèl.*

## CROSSROADS COMMUNITY CENTER

CROSSROADSPHILLY.ORG

*Pwogram sa yo se pou ti moun ak jèn moun, li gen yon branch ladan l ki travay nan prizon, pwogram nan sezon ete, li gen pwogram fanmi ladan l( distribisyon manje, repare kay, ak klas pou  moutre moun koud), nou fè evanjelizasyon, nou prepare disip, nou moutre levanjil la nan pawòl nou, nan aksyon nou nan Kominote Fairhill(Philadelphia)ak nan lòt zòn yo.*

## DELVAL MEDA

MEDA.ORG

*MEDA Delaware Valley se yon Sant lokal( Rejyon) pou Asosye ki responsab Devlopman Ekonomik Mennonit yo, se yon Òganizasyon ki la pou fè devlopman ekonomi entènasyonal ki kreye bizinis ki pote solisyon pou povrete. Gwoup sa a rankontre anpil fwa nan rezo pou diskite kote lafwa ak travay rankontre.*

## DOCK MENNONITE ACADEMY

DOCKHS.ORG

*Dock Academy ofri etidyan yo depi nan anfans yo jiska nivo 12 nan lekòl yo resevwa yon edikasyon Anabatis ki ede yo balanse entegrasyon fwa yo pou ede yo panse byen pou yo ka gen bon objektif.*

## EASTERN PA MDS

MDS.MENNONITE.NET

*Sèvis Dezas Mennonit(MDS) se yon rezo volontè legliz Anabatis yo fè pou reponn ak lanmou kretyen pou ede moun ki afekte lè gen dezas nan Canada ak nan Etazini. Menm lè yo konsantre sou fè netwayaj, ak reparasyon epi rekonstwi kay moun ki kraze, sèvis sa a touche lavi moun epi nouri yo ak espwa, lafwa pou yon vi konplèt.*

## FREDERICK LIVING

FREDERICKLIVING.ORG

*Frederick Living se yon gwoup ki mare ansanm yo pa la pou fè pwofi men pou jwenn swen nan kominote retrèt la ki lokalize nan Montgomery County nan Sidès Pennsylvania.*



## GERMANTOWN MENNONITE HISTORIC TRUST

MEETINGHOUSE.INFO

*Misyon Germantown Mennonite Historic Trust li la pou pwoteje epi pran swen 1770 Germantown Mennonite Meetinghouse la, se yon senbòl ki gen anpil siyifikasyon ki moutre ki jan premye Mennonit yo te etabli yo nan Amerik Nò, sa ede n pou byen entèprete istwa yo epi pataje l, nan fwa nou, pou temwayaj Mennonit ki nan Germantown depi 1683 jis kounye a.*

## HEALTHY NIÑOS HONDURAS

HEALTHYNINOS.ORG

*Healthy Ninos Honduras konsantre pou ede timoun nan Honduras ki gen malnitrisyon ak fanmi yo, espesyalman nan San Francisco de Yojoa, zòn Cortes nan Honduras. Pwogran ede timoun yo viv gen yon Sant Nitrisyon ladan l tou. Pwogram tretman vè, brigad medikal ak konstriksyon, ak edikasyon kominotè.*

## INDIAN CREEK FOUNDATION

INDCREEK.ORG

*Sa fè plis pase 40 ane, depi Indian Creek Foundation ap travay nan Bucks-ak nan zòn Montgomery(PA) ap ede timoun ak granmoun ki gen pwoblèm andikap entèlèktyèl ak devlopman.*

## LIBERTY MINISTRIES

LIBERTYMINISTRIES.US

*Liberty Ministries egsiste pou ede moun ki nan prizon ak moun ki pase nan prizon ki abite nan kominote a nou pataje lanmoun Bondye avèk yo, nou ba yo asistans, nou sipòte yo ak pawòl Bondye pou ede yo jwenn jistis.*

## LIVING BRANCHES

LIVINGBRANCHES.ORG

*Branch vivan pa la pou fè pwofit lajan men se yon sistèm retrèt ki etabli pou ede w viv nan kay nan kominote a nan yon plas ki nan nivo bidjè w, yon plas ki gen kalite, yon sèvis ki ap ankouraje w viv nan 3 diferan plas nan Sidès Pennsylvania. Òganizasyon an anplwaye 600 moun nan ekip ki ofri diferan sèvis nan zafè kay, yo ba w sipò nan sèvis yo ofri w, epi yo gen aktivite pou plis pase 1,350 ki abite nan kay yo.*

## MCC MRC HARLEYSVILLE

MCC-HARLEYSVILLE.ORG

*Sant Resous Materyèl(MRC) nan Harleysville travay avèk Komite Santral Mennonit ( MCC) pou pataje lanmou Bondye avèk moun kap soufri nan povrete, nan opresyon, lè gen dezas, lè gen lagè, nou sèvi ak pwovisyon materyèl ak resous tankou dra materyèl pou lekòl ak pou igèn.*

## MENNONITE HISTORIANS OF EASTERN PENNSYLVANIA (MHEP)

MENNONITE HERITAGE CENTER

MHEP.ORG

*Misyon nou se fè edikasyon, enspire moun nan kominote a, pataje temwayaj nou ak legliz yo, kominote yo, apran istwa, prezève yo pou n kapab kontiynye pataje fwa Anabatis/ ak Mennonit yo. Nou kenbe dosye kominote Mennonite nan Eastern PA kote Mennonit yo te imigre nan ane 1683.*

## PEACE PROCLAMATION MINISTRIES INTERNATIONAL

PPMINTL.ORG

*Objektif primè Ministè Entènasyonal pwoklamasyon Lapè,Inc(PPMI) se ede moun nan peyi India ak lan Etazini pou yo ka fè eksperyans bon relasyon ak Jezi Kris, Prens Lapè a, pou yo ka wè vrè limyè a, pou yo ka konnen lavi li ofri yo.*

## PEACEFUL LIVING

PEACEFULLIVING.ORG

*Viv nan Lapè kreye yon atmosfè apatenans pou moun ki gen pwoblèm andikap entèlektyèl ak devloman pou n akeyi yo nan yon kominote ki renmen yo. Nou bay preske 200 moun sèvis ak fanmi yo nan kay yo, sèvis yo fèt nan lajounen, ak sèvis pou fanmi yo nan zòn Montgomery, Bucks, ak Delaware PA.*

## PENN FOUNDATION

PENNFOUNDATION.ORG

*Fondasyon Penn ap fè efò pou l bay bon kalite ak bon metòd ki bay prèv sante mantal ak tretman pou adiksyon pwogram prevansyon nou gen nan kominote responsab sa. Katye jeneral la se nan Sellersville,PA, Fondasyon Penn bay plis pase 20,000 moun sèvis, timoun, adolesan ak adil chak ane resevwa swen entegre ak yon swen konplèt .*

## QUAKERTOWN CHRISTIAN SCHOOL

QUAKERTOWNCHRISTIAN.ORG

*Quakertown Christian School ekipe etidyan yo pou yo ka vi n lidè avèk yon edikasyon eksepsyonèl nan yon kilti ki mete anpil anfaz sou lanmou Kris la, lapè ak sèvis. Sa fè preske 70 ane depi Quakertown Christian School fè yon sèl ak fanmi nan kominote a pou yo ede jèn moun apran avèk yon bon fondasyon pou yo ka fè efò nan nivo akademik yo, nivo sosyal yo ak nivo espirityèl yo.*

## RIPPLE COMMUNITY INC

RIPPLECOMMUNITYINC.ORG

*Pwogram Kominote Riple Inc te etabli nan ane 2015, yo sèvi 150 moun ki abite nan Allentown, ak lòt moun nan zòn nan ki pa gen kay pou yo rete oubyen ki pa stab lakay yo, moun ki izole nan vi sosyal yo, moun ki twomatize lontan ak pwoblèm mantal ak moun ki pòv. Pou vwazen nou yo ki ap viv nan yon kondisyon konsa Kominote Riple Inc se yon sous amitye, ak sipò nan kominote a.*

## SPRUCE LAKE RETREAT

SPRUCELAKE.ORG

*Spruce Lake se yon kote kretyen yo pran retrèt yo nan Kan sa, kote a lokalize nan yon tèren preke 300 karo tè nan Montay Pocono yo. Lè nou fè kan pou jèn yo, pwogram ki kreye aktivite pou moun ka fè dekouvèt, evènman pou fanmi yo, pwogran edikasyon deyò, retrèt pou legliz ak konferans lan, moun kapab eksplore nati a ki kapab ede lafwa yo nan Spruce Lake.*

## TAPROOT GAP YEAR

TAPROOTGAPYEAR.COM

*Ane Rasin pivotant lan se yon eksperyans lafwa ki ranpli ak dekouvèt ou ka eksplore idantite w kòm yon jèn moun( ki gen 17-22 ane) jèn moun sa yo resevwa gidans nan pwose-sis pou yo ka antre nan kilti yo pou yo ka aprann bon eksperyans nan Philadelphia ak Indonesia. Pwogram lan ka pran 4 mwa oubyen 9 mwa.*

# MINIT ASANBLE KONFERANS LAN POU 2019

SAMDI, 2 NOVANM, 2019 | LEGLIZ MENONIT SOUDERTON, SOUDERTON, PA

## SESYON BIZNIS NAN KONFERANS FRANCONIA (9:00AM)

Ken Burkholder (Deep Run East, nan Franconia te eli moderatè) te fè priyè

John Goshow( Blooming Glen, Moderatè nan Franconia) ak Angela Moyer(Ripple, Asistan moderatè nan Franconia) te akeyi delege yo ak envite yo nan jou istorik sa a.

Carlos Martinez Garcia, Marisol Arriga, Oscar Dominguez, avèk Luis Rey Matias-Cruz ki soti nan Conferancia de Iglisias Evangelicas Anabautistas Menonitas de Mexico te pataje selebrasyon anivèsè 60 ane konferans nan Mexsik. Lidè yo te eksprime gratitid yo bay Konferans Franconia a paske sa fè 60 ane depi Konferans Franconia te voye misyonè nan peyi Mexsik.

**AKSYON:** Minit yo nan Asanble Prentan an(4 Me, 2019) te apwouve avèk majorite delege yo ki te leve men yo(Mike Spinelli, Perkiomenville; Mark Wenger, Franconia).

Iglisia Menonita Ebenezer( Souderton, PA) te akeyi nan konferans lan epi li resevwa bendiksyon ak priyè Noel Santiago te fè, Gerans Ministè a.

Te gen Nouvo aktivite ministeryèl ki te entwodwi nan Konferans lan(CRMs) se Stephen Kriss ki te afime sa, li se Ministè Egzekitif nan Franconia epi ak manm konseye Beny Krisbianto( Nations Worship Center) te fè priyè pou benediksyon. Nouvo CRMs se :

- **Taproot Gap Year (Philadelphia Praise Center)**
- **Peace Proclamations Ministries International (Plains)**
- **Healthy Niños Honduras (MAMA Project)**
- **RIPPLE Community Inc. (Ripple)**

Mary Nitzsche, Ministè Asosye Egzekitif nan Franconia, te entwodwi moun ki te bezwen afimasyon nan men komite konferans lan:

- **Chris Nickels** (Spring Mount) - Ministerial Committee member-at-large (3rd term)
- **Janet Panning** (Plains) - Ministerial Committee chair (1st term)
- **Rose Bender Cook** (Whitehall) - Credentials Committee member-at-large (3rd term)
- **KrisAnne Swartley** (Doylestown) - Credentials Committee chair (2nd term, 1st as chair)

**AKSYON:** Nominasyon yo te fèt nan bilten vòt ak 96%

John Goshow te fè nou konnen West Philadelphia Mennonite Fellowship(WPMF) ap transfere afilyasyon li nan Konferans Allegheny nan Prentan 2020. Tim Martin Johnson ak Pastè Lori Hershey ki nan WPMF te eksprime gratitid yo pou bon relasyon kongregasyon an te genyen ak Konferans Franconia nan ane ki pase yo men yo di kongregasyon an ap kite Konferans Franconia paske Konferans Franconia aksepte LGBTQ kòm manm. Ministè Gerans lan, Emily Ralph Servant, priye epi mande benediksyon pou Kongregasyon an.

John Goshow te fè konnen Konseye Konferans Franconia a santi yo fò pou gen yon bon rekonsilyasyon avèk Distri Istèn lan epi li ankouraje delege yo pou afime rezolisyon an.

Steve Kriss te ofri priyè ak flè pou lapè kòm apresiyasyon pou John Goshow ak Beny Krisbianto paske yo te konplete tèm yo kòm konseye konferans lan.

Angela Moyer te afime Ken Burkholder paske li te dakò pou jwe wòl moderatè(tèm li koumanse nan Janvye 2020) epi li ofri priyè pou Ken pou lavni travay gerans li.

*Biznis sesyon an te fini 10:15 am*

## KONFERANS FRANCONIA AK DISTRI ISTÈN LAN TE FÈ YON SESYON BIZNIS ANSANM. (1:00PM)

Joy Sutter(Salford), moderatè nan Legliz Menonit USA, te eksprime gratitid li bay delege yo paske yo te bay modèl pou ka gen bon rekonsilyasyon.

Michele Hershberger, pwofesè nan Hesston College(KS), te entwodwi yon nouvo pwogram ministè pastoral ki rele "apèl" nan yon wiken, "Bib Lit" yon kou( Entwodiksyon nan Literati Bib la) pou kongregasyon yo.

John Goshow te eksplike istwa Franconia avèk Distri Istèn nan.

Scott Roth, ministè nan konferans Distri Istèn lan, te entwodwi Sherri Brokopp Binder

(Ripple) ak Rina Rampogu(Plains) kap travay nan gwoup estrikti ak idantite te eksplike chanjman final nan pwopozisyon gwoup la.Li te pataje apresiyasyon pou Fòs travay la, li te fè rekonèt anpil travay rekonsilyasyon yo ak volontè yo.

Sherri ak Rina te eksplike travay la ak valè tan li te pran Fòs travay la epi li entwodwi manm yo: Mark Reiff (Doylestown), Scott Roth(Perkiomenville), Edie Landis(Zion), Josh Meyer(Franconia), ak Mike Clemmer(Towamencin)

Anvan Asanble a te koumanse, yo te fè you rezime lwa yo, règleman ki sipòte dokiman yo, ak chanjman ki nan règleman yo, plan fizyon an, ak yon nòt ki soti nan gwoup Fòs la yo te pase l bay tout delege yo; yo te diskite tout bagay sa yo.

Sherri ak Rina te make kote chanjman yo te fèt nan dokiman rekonsilyasyon an depi nan Asanble nan Prentan an ak Asanble ki te fèt sou diferan fòm. Delege yo te resevwa 3 sijè pou yo vote sou yo:

1. Afime rekonsilyasyon
2. Apwouve epi adopte nouvo regleman yo
3. Afime Nouvo Konseye Konferans lan

Si delete yo vote epi yo afime fizyon an, kongregasyon yo ki nan Franconia ak Distri Istèn nan ak CRMs yo ap otomatikman vi n manm nouvo konferans lan, gen lòt etap legal kap bezwen pran pou konplete fizyon an, epi yap fè seleksyon nouvo non an, avèk objektif pou ka gen yon nouvo Konferans nan 1 Fevriye 2020.

Yo te ranvwaye Delege Franconia ak Distri Istèn yo pou yo te ka travay nan ti gwoup pou yo ka diskite ansanm epi reponn keksyon nenpòt moun ka genyen. Goshow te klarifye pou delege Franconia yo nenpòt nouvo metòd

(tankou deklarasyon"Legliz Ansanm") gen pou l kontinye fè kous li se sèlman si ta gen yon delege ki mande yon chanjman.

Apre yo te pase 20 minit bò tab ap dialoge ansanm, vòt yo te soti nan toude konferans yo apre nou te ranmase tout bilten yo. Delege nan Distri Istèn yo te retounen nan sal rankont lan epi Jim Musselman(Zion, moderatè nan Distri Istèn lan) te jwen avèk John Goshow pou yo te anonse resilta vòt yo(Distri Istèn lan: te gen 39-wi,0-non, 1 absan; Franconia: te gen 163-wi, 0-non).

**AKSYON:** Pou nou afime rezolisyon an otorizasyon te pran pou egzekite atik yo pou yo ka ranpli wòl yo nan fizyon ki fèt ansanm nan Konferans Franconia Menonit("FMC") ak Konferans Distri Istèn Menonit la nan Legliz Menonit USA epi fizyon sa a te adopte 1 Fevriye 2020 epi pou FMC fè aksyon ki nesesè pou l konplete fizyon an.*

Steve Kriss ak Scott Roth te eksprime jwa yo, gratitid yo ak enspirasyon yo nan wout yo wè ki devan yo.

Gen yon mesaj nan fòm video ki nan men Cesar Garcia(Mennonite World Conference) Konferans Mondyal Mononit ki eksprime gratitid pou rekonsilyasyon ki moutre kouman 2 konferans reyini ansanm. Cesar ap pote mesaj la nan asanble 2020.

John Goshow te di tout moun ki te kontribye nan asanble a mèsi ak tout delege yo ki soti nan konferans yo ki te patisipe nan kominyon ansanm bò tab yo.

Scott Roth enstwi chak kongregasyon pou yo te pran yon wòch nan strikti ki devan sal la pou yo ale lakay yo avè l. Lè yo rive lakay yo avè l yap bezwen pentire wòch la epi vini avèk wòch la nan nouvo Konferans 2020.

Steve Kriss ak Scott Roth te klotire reyinyon an avèk yon dènye aksyon.

**AKSYON:** Nou afime dezi nou pou n kontinye pou n pa fè rezistans epi pou n temwaye fwa senp nou nan Kris, pandan nap tann espwa beni an, kote Bondye pra l parèt nan gran glwa li ak Sovè, Jezi Kris nou an.

*Reyinyon biznis nou te fè ansanm lan te fini nan 3:30 pm*

Se Sue Conrad Howes
ki soumèt rapò sa a ak tout respè
epi Emily Ralph Servant ki te edite l.

# SAMDI
## 7 NOVANM, 2020

11 AM - 1.15 PM (EST)
8 AM - 10.15 AM(PST)

HORÈ POU
2020

1. RASANBLEMAN
2. SE GLEN GUYTON
   *Direktè Ekzekitif MCUSA ki voye salitasyon sa a*
3. MOMAN ENSTITI POU GERANS ANABATIS
4. MOMAN POU YON MOUN KA YON BON EKONÒM
   EVERENCE DAVID YODER
5. KOMITE NOMINASYON METE AJOU
6. DEKLARASYON MISYON AK VISYON
7. 3 MINIT POU PRAN TITAN POU DETIRE KÒ W
8. NOU KONTAN NOUVO KONGREGASYON YO
9. KLOTIRE